

## Enstriksyon Janvye 2021 sou "Prevansyon kont plon"

Chè Pwopriyetè,

Pou n ka kontinye ak angajman nou pran pou n bay pwopriyetè kay yo enfòmasyon konsènan obligasyon yo genyen selon lalwa, Depatman Pwoteksyon ak Developman lojman (HPD) pral pibliye yon seri bilten chak trimès sou entènèt ak nan imèl. Chak bilten pral mete aksan sou yon pati nan lwa a epi sa pa vle di tout lwa ak tout règleman ki aplikab yo pral kouvri totalman. Ale sou [Sit entènèt HPD](#) pou w ka li bilten sa a ak lòt bilten yo pibliye deja yo nan lòt lang.

*Yo fè piblikasyon sa a pou bay enfòmasyon sèlman e yo pa fè l pou bay konsèy jiridik. Enfòmasyon sa a se pa yon deklarasyon konplè oswa definitif sou tout obligasyon mèt kay ak lokatè genyen konsènan lwa ak règleman ki gen rapò ak lojman nan Vil Nouyòk.*

---

**Nan ane 2020, HPD te bay pwopriyetè yo plis pase 700 vyolasyon akoz moun yo pa t rive ranpli avi ak ankèt anyèl la epi plis pase 700 vyolasyon akoz yo pa t prezève dosye sou penti ki fèt ak plon yo. Vyolasyon sa yo kapab fè yo enspekte tout biling nan nèt pou detekte danje penti abaz plon kapab lakoz ak vyolasyon renouvelman, e yo kapab rann biling ou an responsab si gen danje penti abaz plon ki rete san koreksyon. Si ou pa fè tout reparasyon an nan moman w dwe fè l la epi jan w dwe fè l la, ou kapab peye lòt sanksyon sivil ak/oswa lajan pou reparasyon ann ijans.**

**Pou plis enfòmasyon ak asistans pou konprann konfòmite a, vizite [sit entènèt HPD](#) la pou gade seminè sou entènèt, li bilten sou penti abaz plon anplis de enfòmasyon ki pi ba w ap jwenn yo.**

### AVI AK ANKÈT ANYÈL

Lwa Lokal 1 nan ane 2004 (lwa local 1) mande pou mèt kay yo fè aktivite ki gen rapò ak penti a baz plon. Mèt kay yo dwe kenbe dosye aktivite sa yo pou pi piti 10 zan epi, apati Me 2020, mèt kay yo dwe sètifye konfòmite a aktivite sa yo antanke pati nan anrejestreman anyèl pwopriete a. **Ou kapab peye gwo sanksyon si ou pa fè aktivite sa yo epi prezève dosye sa yo.**

Ant premye Janvye a 16 Janvye, yo mande moun ki gen plizyè lojman ki te konstwi anvan 1960 yo (oswa ant 1960 a 1978 si mèt kay la konnen gen penti abaz plon ladan) pou yo bay chak lokatè yon avi anyèl (ann Anglè oswa Espanyòl) epi pou yo ranmase avi ki ranpli sa nan men lokatè a jiska 15 Fevriye.

## Kisa avi a ye?

- Avi Anyèl la mande pou lokatè a di si gen yon timoun ki gen mwens pase sizan k ap viv nan kay la (sa gen ladan timoun k ap viv nan kay la oswa ki toujou pase 10 èdtan oswa plis chak semèn).
- Gen de (2) vèsyon nan Avi Anyèl la mèt kay yo kapab itilize. Ou dwe bay youn sèlman. Premye a konbina avi sou danje penti abaz plon an avèk avi sou pwoteksyon fenèt la epi dezyèm nan se yon avi endepandan sou danje penti abaz plon:
  - **Pwoteje Pitit ou kont Pwazònman plon ak Fenèt ki ka tonbe Avi Anyèl<1} ([Proteja a su Nino del Envenenamiento por Plomo y de las Caidas por las Ventanas Notificacion Annual](#))**
  - Avi Anyèl pou prevansyon kont danje penti abaz plon – Akèt konsènan Timoun ([Aviso Annual Para Medidas de Precaucion con los Peligros de Plomo en la Pintura-Encuesta Respecto al Nino](#))
- Lokatè a dwe resevwa avi a omwen ann anglè ak Espanyòl epi ak de(2) kopi (de kopi nan chak) yon fason pou l ka kenbe yon kopi epi voye yon kopi bay mèt kay la.
- Se pou w gen prèv ki montre lokatè a resevwa avi sa a, asire w lokatè w yo konnen ki kote pou yo retounen avi sa a, epi kenbe avi ki ranpli ou resevwa nan men lokatè a.

## E si lokatè a pa reponn?

- Si lokatè a pa retounen avi ki ranpli a nan dat 15 Fevriye, mèt kay la dwe fè lòt enspeksyon ant 16 Fevriye ak Premye Mas pou eseye wè si pa gen yon timoun ki gen mwens pase sizan k ap viv nan kay la oswa ki toujou pase 10 èdtan oswa plis chak semèn. Yon mèt kay dwe kenbe nan dosye li lè li te eseye kontakte lokatè a pou fè ankèt la.
- Si mèt kay la PA resevwa avi ki ranpli a nan men lokatè a epi li pa kapab wè si gen yon timoun ki poko gen sizan nan kay la selon ankèt sa yo, mèt kay la dwe siyale **Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH)** alekri yon fason pou di l li pa resevwa okenn avi nan men lokatè a. Mèt kay la ta dwe siyale DOHMH nan adrès mèl:

Department of Health and Mental Hygiene — Healthy Homes  
125 Worth Street, Sixth Floor, CN58  
New York, NY 10013

## Poukisa yon mèt kay bezwen pran enfòmasyon sa a?

- Avi sa a enpòtan paske li ede n wè ki kote mèt kay la dwe fè lòt aktivite nesesè yo egzije selon lwa local 1 an, tankou fè ankèt anyèl la epi swiv metòd travay asire. Yo mande pou enspekte tout lojman yo jwenn ki gen timoun k ap viv ladan pou detekte danje penti abaz plon, jan sa mansyone pi wo a.
- Gade [Enstriksyon](#) Desanm 2019 yo mete sou sit entènèt HPD a pou plis enfòmasyon konsènan ankèt anyèl sou danje penti abaz plon yo mande ki pou fèt nan apatman ak biling ki gen yon timoun ki poko gen sizan k ap viv la ak sou metòd travay asire.

## Kijan yon pwopriyetè kapab swiv tout bagay?

- HPD te kreye yon fòm pou l ka ede yon pwopriyet dokimante lè li te voye avi a, lè li te resevwa l anretou, oswa nenpòt lòt enspeksyon li te fè si li pa t resevwa avi a anretou nan men lokatè a: [Gade Modèl Fòmilè pou livrezon Konfòmite Avi anyèl la.](#)
  - HPD te kreye yon fòmilè pou l ka ede yon mèt kay dokimante ankèt anyèl yo: Gade [model Fòmilè sou Konfòmite Ankèt Anyèl.](#)
- 

## Kontwòl pou dosye Pwopriyetè yo

HPD idantifye biling ki gen plizyè apatman ki te konstwi anvan 1960 pou kontwòl (nan kategori yo idantifye nan lalwa) epi li bay pou pi piti 200 biling yon Òdonans sou Pwodiksyon Dosye chak ane ki baze sou dosye HPD yo. Anplis de sa, HPD bay plizyè apatman Òdonans sa a kote DOHMH idantify ki gen danje penti abaz plon nan yon apatman lè gen yon timoun avèk yon nivo elve plon nan san li.

Òdonans sou Pwodiksyon Dosye a mande pou mèt kay yo voye dokimantasyon pou kay yo nan 45 jou demann lan fèt la:

- Kopi dosye sou Distribisyon ak Koleksyon Avi Anyèl la
- Kopi dosye sou ankèt anyèl ki fèt yo
- Kopi dosye sou travay ki te fèt pou repare sanksyon sou danje penti abaz plon, sa gen ladan tou dokiman sou prensip pou moun travay an sekirite
- Kopi dosye sou travay san vyolasyon ki te pètibe penti abaz plon oswa penti yo pa konnen ki gen plon ki nan yon kay kote gen yon timoun ki gen mwens pase sian k ap viv ladan oswa ki zòn biling lan, sa gen ladan tou dokimantasyon sou metòd travay ki te itilize yo.
- Kopi dosye sou tout travay ki te fèt sou renouvèlman nenpòt apatman ki te mande pou yon novo lokatè, sa gen ladan dokimantasyon sou metòd travay ki te itilize yo ak rezulta tès pousyè ki gen plon yo
- Kopi dosye ankèt pou detekte penti a baz plon yo mande ki pou fèt nan kay yo jiska 9 Out 2025 oswa nan yon ane si gen timoun ki pokon gen sizan ki vin viv nan apatman an (nenpòt la dwe fèt pi bonè)

Y ap bay Òdonans sou Pwodiksyon Dosye a ak yon seri deklarasyon sèman ki dwe ranpli. Y ap bay yon pwopriyetè ki pa reponn ak egzijans Òdonans sou Pwodiksyon Dosye a yon vyolasyon danje tip "C" touswit e li kapab peye lòt sanksyon. Mèt kay yo ap responsab pou yo peye sanksyon sivil yo pou piti 1000 dola epi pou pi plis 5000 dola pou vyolasyon sa a. Yon mèt kay ap peye tou sanksyon sivil yo espesyalman si li pa fè avi ak enspeksyon anyèl yo ak si li pa fè aktivite yo mande yo fè lè y ap renouvre kay la.

---